

Seksyon 504 Lwa 1973 pou reyabilitasyon egzije lekòl ofri elèv elijib akomodasyon apwopriye ak rezonab, pou pwoteje elèv ki gen andikap kont diskriminasyon, pou yo ka patisipe lekòl kòm sadwa. Kesyon moun poze souvan *Frequently Asked Questions* (FAQ) ofri enfòmasyon sou Seksyon 504, paegzanp etap nan pwosesis la, kritè elijiblite, dokiman obligatwa, ak fason pou mete anplas akomodasyon.

Paran ka jwenn enfòmasyon sou Seksyon 504 lè yo al gade resous sou entènèt nan dokiman sa a oswa lè yo pale avèk Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl pitit yo.

Ki elèv kalifye pou Akomodasyon dapre Seksyon 504 ?

Yon elèv ki gen yon andikap fizik oswa mantal ki limite seryezman yonn oswa plis majè aktivite nan lavi elijib pou resevwa akomodasyon dapre Seksyon 504.

Twoub fizik oswa mantal

Yon twoub fizik oswa mantal ka, men se pa sa sèlman, andikap oswa kondisyon fizik, twoub sikolojik, ak enkapasite espesifik pou aprann.

- **Twoub tanporè** ka kalifye yon elèv pou akomodasyon dapre Seksyon 504 dapre nati, kondisyon, ak gravite twoub la (paegzanp yon janb kase).
- **Twoub epizodik** ka kalifye yon elèv pou akomodasyon dapre Seksyon 504 si yo limite seryezman yon majè aktivite nan vi lè l aktif (paegzanp opresyon).

Majè aktivite lavi

Pami majè aktivite genyen, men se pa sèlman sa, swen pou moun lan bay tèt li, fè travay ak men l, mache, wè, tandè, pale, respire, manje, dòmi, kanpe, leve chaj, bese, li, konsantre, panse, kominike, aprann, ak travay.

Si yon andikap fizik oswa mantal anpeche elèv la fè yonn oswa plis majè aktivite lavi nou site pi wo a, yo konsidere elèv la pou akomodasyon dapre Seksyon 504. Yo revize ka chak elèv apa.

Ki Pwosesis pou mande akomodasyon ?

Paran ka ranpli fòm [Request for Section 504 Accommodations](#) pou mande akomodasyon ak/oswa fòm [Request for Health/Medical Services](#), lè l apwopriye, epi voye fòm yo tounen ba Koòdonatè Seksyon 504 nan lekòl pitit li ye a. Koòdonatè Seksyon 504 la ap kontakte paran an pou fikse yon reyinyon pandan yonn nan 30 jou ki vini apre premye demann lan. Nan reyinyon an, Ekip Seksyon 504 lekòl la ap evalye demann lan ak tout lòt enfòmasyon enpòtan konsènan elèv la epi l ap detèmine si elèv la elijib pou akomodasyon. Si Ekip Seksyon 504 la detèmine elèv la elijib, l ap konsidere tou ki akomodasyon ki pi apwopriye.

Kiyès ki patisipe nan Reyinyon Ekip Seksyon 504 la ?

Se yon gwoup moun ki okouran kapasite elèv la, siyifikasyon done ak enfòmasyon y ap evalye yo, ak tip akomodasyon ki ka satisfè bezwen elèv la k ap pran desizyon pou bay akomodasyon an. Ekip Seksyon 504 lekòl la envite paran elèv la patisipe, epi li dwe envite omwen de nan moun nou site pi ba a ki ka :

- **Pale osijè kapasite ak ladrès elèv la (paegzanp pwofesè oswa konseye pedagogik elèv la)**
- **Entèprete rapò oswa evalyasyon yo (paegzanp asistan sosyal la oswa sikològ lekòl la)**
- **Pataje enfòmasyon konsènan akomodasyon ki disponib pou satisfè bezwen elèv la (paegzanp Koòdonatè Seksyon 504 la)**

Ki enfòmasyon yo revize nan Reyinyon an ?

Enfòmasyon Ekip 504 revize a dwe sòti nan plizyè dokiman epi dekri ladrès ak bezwen elèv la. Ekip Seksyon 504 yo ka revize enfòmasyon nan evalyasyon, kòmantè, modèl travay elèv la, kanè, ak dosye medikal pou konprann aptitud elèv la, akonplisman l, konpòtman l, ak bezwen sante / bezwen medikal li. Paran ak estaf lekòl ka bay tout enfòmasyon yo panse ki dekri pi byen kapasite ak bezwen elèv la.

Dyagnostik ak Rekòmandasyon doktè

Doktè elèv la dwe ranpli Pati 2 nan fòm *Request for Section 504 Accommodations*. Doktè yo ka rekòmande tou ke lekòl la bay kèk akomodasyon, men se Ekip Seksyon 504 la ki apretou responsab pou deside ki akomodasyon yo rekòmande ki apwopriye ak jan pou yo ofri yo nan lekòl la, si Ekip Seksyon 504 la apwouve yo.

Kouman yo detèmine elijibilite ?

Ekip Seksyon 504 la gen responsablite konsidere, dapre chak ka, si andikap elèv la limite seryezman yon majè aktivite nan lavi l. Desizyon sa a baze sou yon evalyasyon plizyè sous enfòmasyon. Ekip Seksyon 504 la konsidere si andikap elèv la gen yon gwo enpak sou pèfòmans elèv la ak/oswa patisipasyon l nan lekòl la, dapre enfòmasyon yo prezante.

Ki akomodasyon disponib pou elèv elijib dapre Seksyon 504 ?

Elèv ka elijib pou akomodasyon medikal onivo sante, akomodasyon edikasyon, oswa pou toude.

- **Akomodasyon medikal onivo sante** gen pou wè ak medikaman (paegzanp, *insulin*) ak/oswa sipò medikal espesyalize (paegzanp *nebulizer*). Paran soumèt [Medication Administration Form](#) ba enfimye lekòl pitit yo ye a, lè l apwopriye.
- **Akomodasyon edikasyon** ka sipò nan salklas ak/oswa akomodasyon lè yo gen pou [pran egzamen](#). Paran soumèt [Request for Section 504 Accommodations](#) ba Koòdonatè Seksyon 504 lekòl pitit yo ye a, lè l apwopriye.

Èske Elèv ka resevwa Sèvis ki pou wè ak sèvis Edikasyon espesyal avèk yon Plan Seksyon 504 ?

No. Sèvis ki gen pou wè ak Sèvis Edikasyon espesyal (terapi pou moun k ap rebran okipasyon yo oswa terapi fizik, terapi pou pwononsyasyon ak terapi onivo langaj, ak sèvis oryantasyon) pa disponib atravè yon Plan Seksyon 504. Si yon elèv yo refere pou akomodasyon dapre Seksyon 504 sanble bezwen sèvis ki gen pou wè ak sèvis Edikasyon espesyal, Ekip Seksyon 504 la dwe refere elèv la ba Komite pou Edikasyon espesyal *Committee on Special Education* (CSE) lekòl la oswa Distri a, lè l apwopriye, pou yon evalyasyon pou Edikasyon espesyal.

Èske elèv bezwen yon Plan Seksyon 504 pou Akomodasyon medikal onivo sante ?

Se pa tout elèv ki bezwen pran medikaman ki oblije genyen yon Plan Seksyon 504. Elèv pa bezwen Plan Seksyon 504 si lè yo pran medikaman oswa resevwa sèvis medikal onivo sante sa pa gen enpak sou kapasite yo pou patisipe kòm sadwa nan lekòl la.

- **Egzanp 1 pou demontre sa nou di anvan** yon elèv ki gen dyabèt tcheke (ak ajiste, lè l nesese) nivo *insulin* li de (2) fwa pa jou nan sal infimye. Li pa bezwen ankò okenn lòt sipò oswa akomodasyon, kidonk li pa bezwen yon Plan Seksyon 504.
- **Egzanp 2 pou demontre sa nou di anvan an** : Yon elèv ki gen dyabèt bezwen pran *insulin* moman espesifik pandan jounen lekòl, sa fèt anmenm tan avèk lè li fèt pou pase nan klas li kidonk li gen pou fè kèk fwa travay apre pou l ratrape sa li pa t fè lè sa yo. Li bezwen tou gen aksè pou l pran goute, epi li dwe poze pou l ale nan twalèt lè l nesese. Elèv sa a bezwen yon Plan Seksyon 504.

Kouman yo mete anplas akomodasyon yo ?

Ekip Seksyon 504 la detèmine ki akomodasyon apwopriye pou chak elèv dapre tip ak gravite andikap elèv la. Anplis, Ekip Seksyon 504 la detèmine ki akomodasyon nesese pou elèv la patisipe nan lekòl la menm jan avèk kamarak klas li yo ki pa gen andikap.

Dèke yo detèmine yon elèv elijib, èske l toujou elijib pou akomodasyon ?

Non. Ekip Seksyon 504 la dwe renouvle chak ane Plan Seksyon 504 la (anjeneral nan fen chak ane lekòl). Toutotan twoub elèv la genyen an kontinye yon jan pou patisipasyon elèv la lekòl limite seryezman, elèv la toujou elijib pou resevwa akomodasyon. Pandan pwosesis anyèl pou renouvle sèvis akomodasyon yo, Plan Seksyon 504 elèv yo ka chanje lè l nesese. Si, pandan pwosesis anyèl pou renouvle sèvis yo, Komite Seksyon 504 la detèmine ke twoub elèv la pa limite seryezman ankò kapasite l pou fè yon majè aktivite nan lavi l, elèv la vin pa elijib ankò pou akomodasyon epi y ap diskontinye Plan Seksyon 504 la.

Ki tip anons paran yo resevwa ?

Lekòl yo gen responsablite kominike avèk paran konsènan règleman ak pwosedi Seksyon 504 NYCDOE. Tout lekòl afiche yon kote byen vizib pou pataje l ak tout moun [Avi pou pa fè diskriminasyon dapre Seksyon 504 Notice of Non-Discrimination Under Section 504](#).

Pou elèv ke Ekip Seksyon 504 la detèmine ki elijib pou akomodasyon, paran yo resevwa :

- **Avi pou elijibilite Notice of Eligibility** ak yon opòtinite pou tounen li ak pou aksepte akomodasyon lekòl la rekòmande nan Plan Seksyon 504 la. Si paran yo pa dakò avèk desizyon Ekip Seksyon 504 la, yo ka pale avèk Lyezon Rezo Sante *Network Health Liaison* lekòl la. Se lekòl la k ap bay enfòmasyon sou moun pou kontakte.
- **Avi anyèl pou tounen bay otorizasyon Annual Notice of Reauthorization**, ki dekri demach pou paran fè pou renouvle Plan Seksyon 504 pitit yo pou pwochen ane lekòl la.

RESOUS

- Pou enfòmasyon konsènan Seksyon 504 ak akomodasyon medikal onivo sante, pou jwenn fòm yo tou, al sou sit : <http://schools.nyc.gov/Offices/Health/SchoolHealthForms/default.htm>
- Pou enfòmasyon konsènan akomodasyon pou egzamen, al sou sit : <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/Classroom/instruction/accommodations.htm>